

OWI:

Kondwi yon machin pandan ou sou enfliyan alkòl oswa dwòg

Yon gid pou konprann pwochen etap yo ak retabli lisans ou.

OWIowa@iowa.gov



Se lwa a

Li ilegal pou kondwi yon machin pandan ou sou enfliyan alkòl ak/oswa dwòg.

Kòd Iowa 321J dekri sanksyon yo ka enpoze sou moun ki vyole lwa a. Chofè Iowa ki vyole lwa nan yon lòt eta ap oblije respekte sanksyon sivil Iowa yo tou.

Sanksyon

Moun ki vyole lwa OWI nan Iowa ap fè fas ak sanksyon kriminel ak sivil. Tribinal la deside ki sanksyon kriminel pou bay moun ki vyole lwa a. Yo souvan gen ladan yo, men yo pa limite sèlman nan: prizon, amann, edikasyon, evalyasyon twoub itilizasyon sibstans, sèvis kominotè ak dedomajman pou viktim yo. Nan kèk ka, tribinal la ka jete dosye a oswa li pa mande moun nan pou satisfè okenn kondisyon kriminel. Lwa leta presize ki sanksyon sivil yo dwe aplike pou moun ki vyole lwa a kapab retabli lisans kondwi yo.



Retabli lisans kondwi

Si yo te revoke lisans kondwi ou pou nenpòt ofans OWI dapre Kòd Iowa 321J (kit kòm rezilta yon desizyon tribinal oswa yon aksyon administratif), lisans nan pap ka retabli jiskaske ou:

- Fin pase peryòd revokasyon an.
- Peye yon amann sivil \$200.
- Prezante prèv ou te fini yon kou obligatwa pou chofè ki te bwè ak yon evalyasyon/tretman obligatwa pou twoub itilizasyon sibstans.
- Satisfè kondisyon responsablite finansye yo.
- Satisfè kondisyon aparèy entèblokaj la, si sa aplikab.
- Satisfè kondisyon pwogram “24/7 sobriety” a, si sa aplikab.

Kou pou chofè ki te bwè

Eta Iowa egzije moun ki vyole lwa nan Iowa oswa chofè Iowa ki vyole lwa nan yon lòt eta pou yo konplete yon kou pou chofè ki te bwè. Iowa itilize Prime for Life ki se yon pwogram 12 èdtan. Nan kèk ka, tribinal la ka pèmèt oswa mande ou pou w konplete tan prizon w lan ansanm ak kou pou chofè ki te bwè a nan yon sèl pwogram ki rele pwogram 48 èdtan oswa “pwogram wikenn.” Gen plizyè kote nan Iowa ki ofri pwogram sa a. Pou plis enfòmasyon, vizite: educate.iowa.gov/higher-ed/owi-education

Si ou vle pran kou pou chofè ki te bwè a nan yon lòt eta, tanpri kontakte Iowa Department of Education pou asistans. Iowa pa aksepte kou pou chofè ki te bwè sou entènèt.

Gen yon frè pwosesis \$37.50 si ou pran kou a deyò Iowa. Frè sa a pa nesesè si ou pran kou a nan Iowa. Gen yon frè konvenyans \$1.00 pou peye sou entènèt. Ou ka peye avèk yon manda postal oswa sou entènèt avèk yon kat debi/kredi nan: stateofiowa.seamlessdocs.com/f/owiadmin

Evalyasyon Twoub Itilizasyon Sibstans

Moun ki vyole lwa nan Iowa oswa chofè Iowa ki vyole lwa nan yon lòt eta dwe konplete yon evalyasyon twoub itilizasyon sibstans ki fèt pa yon evalyatè/oswa yon etablisman ki gen lisans leta epi respektè tout rekòmandasyon yo. Ou ka jwenn yon lis etablisman ki apwouve nan Iowa isit la: educate.iowa.gov/higher-ed/owi-education Voyer yon imèl bay OWI@iowa.gov pou jwenn asistans pou lokalize sèvis nan yon lòt eta oswa konplete Request Assistance Form.



Dokimantasyon

Ou dwe soumèt prèv ke ou te ranpli tout kondisyon yo bay tribinal la ak leta a. Si ou vyole lwa nan yon lòt eta pase eta kote ou genyen lisans ou, yo ka mande ou bay dokiman pou toude eta yo. Dokiman yo pa transfere otomatikman soti nan yon antite oswa yon eta pou ale nan yon lòt. Si ou konplete kou pou chofè ki te bwè a ak evalyasyon/tretman twoub itilizasyon sibstans nan Iowa, ajans ki te ba ou sèvis yo ap rapòte konpletman ou bay ofisyèl lisans kondwi Iowa yo. Ou menm ki responsab pou asire dokiman ou voye bay grefye tribinal konte kote yo te arete ou a. Si ou pran kou pou chofè ki te bwè a ak/oswa evalyasyon/tretman an deyò Iowa, ou menm ki responsab pou soumèt dokiman yo bay Iowa Department of Education pou pwosesis.

Lis verifikasyon pou moun ki vyole lwa OWI

- Èske ou te konplete kou ki apwouve pou chofè ki te bwè yo? Èske ou te rapòte konpletman kou a bay leta ak tribinal la?
- Èske ou te konplete yon evalyasyon twoub itilizasyon sibstans? Èske ou te rapòte konpletman evalyasyon an bay leta ak tribinal la?
- Èske yo te rekòmande ou konplete yon tretman pou twoub itilizasyon sibstans? Si wi, èske ou te konplete tretman an, epi èske yo te rapòte l bay leta a?
- Èske ou te soumèt peman amann sivil ou bay Iowa Department of Transportation?
- Èske ou te soumèt amann kriminel ou bay tribinal la?
- Èske ou te fè tan prizon yo te mande a?
- Yo ka mande ou pou mete yon sistèm entèblokaj ignisyon nan machin ou, montre prèv ke ou genyen asirans responsablite otomobil, patisipe epi konfòme ou ak pwogram 24/7 sobriety, ak/oswa bay prèv rezidans. Tanpri kontakte Iowa Department of Transportation pou verifye.

Kondisyon yo

Ki sa ki National Driver Register (NDR) a?

National Driver Register (NDR) se yon bazdone òdinatè ki gen enfòmasyon sou chofè yo ki pèdi lisans yo, yo revoke oswa yo sispann lisans yo, oswa ki kondane pou yon vyolasyon trafik grav kote yo toujou gen sanksyon pou satisfè. Ajans machin motè chak eta bay NDR yon lis moun ki pèdi privilèj yo pou yo kondwi, epi yo mete yon bloki sou lisans yo. Anvan yon lisans kondwi bay oswa renouvle, DMV (Department of Motor Vehicles) nan chak eta verifye rejis la; si non yon moun sou lis la, yo ka refize ba li lisans lan. Yo ka kenbe lisans yon moun jiskaske tout sanksyon yo satisfè. Yon fwa yo retire bloki la, pa gen okenn dosye ki rete nan NDR.

Poukisa gen yon bloki sou lisans kondwi mwen?

Moun ki resevwa tikè paske yo kondwi yon machin pandan yo sou enfliyans alkòl oswa dwòg ap fè fas ak sanksyon sivil ak kriminel. Tribinal la deside ki sanksyon kriminel pou bay moun ki vyole lwa a. Yo souvan gen ladan yo, men yo pa limite sèlman nan: prizon, amann, edikasyon, evalyasyon twoub itilizasyon sibstans, sèvis kominotè ak dedomajman pou viktim yo. Lwa leta detèmine ki penalite sivil yo dwe bay moun ki vyole lwa a pou retabli dwa li pou kondwi. Nan pifò ka, chofè ki vyole lwa a deyò eta kote yo rete a ap resevwa sanksyon toude nan eta kote yo vyole lwa a ak nan eta kote yo genyen lisans kondwi a. Si ou pa konplete kondisyon yo jan sa nesesè, y ap mete yon bloki sou lisans ou nan National Driver Register.

Ki sa ki evalyasyon twoub itilizasyon sibstans?

Evalyasyon twoub itilizasyon sibstans se yon evalyasyon pou detèmine si yon moun depann de sibstans chimik epi si li ta benefisye de tretman. Yon varyete zouti dyagnostik ka itilize pa evalyatè a pou pran desizyon sa a. Apre evalyasyon an, evalyatè a dwe prepare yon rapò rezime. Ou gen dwa resevwa yon kopi evalyasyon sa a.

Èske mwen ka pran kou/oswa evalyasyon pou chofè ki te bwè oswa evalyasyon twoub itilizasyon sibstans sou entènèt?

Iowa pa aksepte kou oswa evalyasyon sou entènèt. Kou yo dwe fèt an pèsòn nan yon etablisman ki apwouve pa leta.

Ki kote mwen ka pran kou edikasyon pou chofè ki te bwè a nan Iowa?

Gade lis founisè apwouve pou [Kou Edikasyon Chofè ki te Bwè nan Iowa](https://www.rb.gy/x06kvb) oswa vizite [rb.gy/x06kvb](https://www.rb.gy/x06kvb)

Ki kote mwen ka jwenn yon evalyasyon twoub itilizasyon sibstans nan Iowa?

Gade lyen [“Find an Approved Provider Near You”](#) sou sit entènèt nou an oswa vizite [findtreatment.gov](https://www.findtreatment.gov).

Èske gen yon dat limit pou konplete kondisyon yo?

Non. Tout moun ki resevwa yon OWI/DUI nan Iowa oswa rezidan Iowa ki vyole lwa nan yon lòt eta dwe konplete kondisyon yo.

Ki penalite yo genyen pou yon OWI?

Moun ki vyole lwa OWI nan Iowa ap fè fas ak sanksyon kriminel ak sivil. Tribinal la deside ki sanksyon kriminel pou bay moun ki vyole lwa a. Yo souvan gen ladan yo, men yo pa limite sèlman nan: prizon, amann, edikasyon, evalyasyon twoub itilizasyon sibstans, sèvis kominotè ak dedomajman pou viktim yo. Lwa leta detèmine ki penalite sivil yo dwe bay moun ki vyole lwa a pou retabli dwa li pou kondwi.

Penalite Kriminèl (Tribinal)	Penalite Sivil (DOT)
Amann	Montre prèv responsablite finansye si sa aplikab
Tan prizon	Kou edikasyon kondwi pandan ou sou enfliyans (12 èdtan edikasyon - kou Prime for Life)
Lòt penalite	Evalyasyon twoub itilizasyon sibstans
Tribinal ka jete akizasyon yo si li vle	Si tretman rekòmande, ou dwe konplete kondisyon sa a
	Montre prèv SR22 si sa aplikab

REMARKE: Penalite bò sivil yo aplike pou moun ki vyole lwa a kapab retabli lisans kondwi yo.

Jij la te jete dosye OWI mwen an. Poukisa mwen toujou bezwen pran kou edikasyon chofè ki te bwè a ak evalyasyon twoub itilizasyon sibstans lan?

Nan Iowa, yon moun ki akize pou OWI ap fè fas ak sanksyon kriminel (tribinal) ak sanksyon sivil (kondwi). Lè yo arete yon moun pou OWI, yo voye yon kopi sitasyon an bay toude tribinal la ak otorite kondwi a (Iowa Department of Transportation - IDOT). Sistèm tribinal la pa notifie DOT lè gen yon dosye ki jete. Ou gen yon tan limite pou konteste akizasyon an ak IDOT. Si ou pa konteste l, IDOT ap toujou mande moun ki vyole lwa a pou satisfè sanksyon yo. Tanpri kontakte IDOT nan 515-281-5251 pou aprann plis sou fason pou konteste yon akizasyon.

Ki sa ki yon kou 48 èdtan?

Iowa egziye yon moun ki vyole lwa pou premye fwa pase 48 èdtan nan prizon epi konplete yon kou edikasyon pou chofè ki te bwè. Gen kèk òganizasyon ki gen pwogram ki konbine kondisyon prizon an ak kondisyon edikasyon an.

Moun ki vyole lwa a asiste kou a nan yon otèl lokal kote li anba arestantay lakay epi yo oblije fè tès alkòl/dwòg o aza. Pri pwogram 48 èdtan an gen ladan li pri kou a anvanm ak depans lojman, manje, sekirite, ak tès yo. Avèk apwobasyon jij la, yon moun ki konplete pwogram 48 èdtan an pa oblije al nan prizon pou ofans OWI a.

Èske reyinyon AA konte kòm kou edikasyon pou chofè ki te bwè a?

Non. Iowa egziye yon moun ki vyole lwa OWI pou konplete yon kou edikasyon pou chofè ki te bwè an pèsonn nan yon sal klas.

Èske patisipe nan yon Victim Impact Panel oswa yon seminè MADD ap ranplase kondisyon kou edikasyon pou chofè ki te bwè a?

Non.

Lè yo te sispann mwen, mwen te refize fè tès (mwen pa t soumèt echantiyon souf oswa san). Èske mwen toujou bezwen respekte sanksyon yo?

Wi.

Mwen pa rete nan Iowa. Èske mwen toujou oblije pran kou edikasyon pou chofè ki te bwè a ak evalyasyon twoub itilizasyon sibstans lan?

Wi.

Paske mwen pa rete nan Iowa, èske mwen ka pran kou edikasyon pou chofè ki te bwè a deyò Iowa?

Wi. Iowa ap aksepte kou edikasyon pou chofè ki te bwè ki fèt deyò Iowa osi lontan ke yo apwouve l nan eta kote yo ofri a, yo fè l an pèsonn nan yon sal klas, epi li dire omwen uit èdtan. Li pa ka yon kou sou entènèt.

Kijan mwen ka jwenn yon kote pou pran kou edikasyon pou chofè ki te bwè a oswa yon kote pou fè evalyasyon twoub itilizasyon sibstans nan yon lòt eta pase Iowa?

Nou kenbe yon lis etablisman ki apwouve nan tout peyi a. Tanpri konplete

[OWI/DUI/DWI Assistance form](#) oswa vizite kntn.ly/a4065aa4 epi enfòmasyon yo pral voye ba ou.

Mwen bezwen konnen ki kantite alkòl ki te nan san mwen (BAC) lè yo te arete mwen. Kijan mwen ka jwenn enfòmasyon sa a?

Tanpri kontakte ajans lapolis ki te arete ou a oswa Iowa Department of Transportation nan 515-281-5251.

Mwen te konplete kou edikasyon ak evalyasyon mwen deyò Iowa. Konbyen tan sa pran pou retire blokis ki sou dosye mwen an?

Gen plizyè faktè ki ka enfluyans blokis sou lisans ou. Anjeneral, sa pran 48 èdtan pou yo retire blokis la apre TOUT bagay sa yo fin resevwa epi trete:

- Peman penalite sivil bay Iowa Department of Transportation
- Sètifika konpletman yon kou edikasyon pou chofè ki te bwè
- Peman frè pwosesis pou kou a si ou te pran li deyò Iowa
- Konpletman evalyasyon twoub itilizasyon sibstans
- Konpletman tretman si yo te rekòmande l pandan evalyasyon twoub itilizasyon sibstans lan
- Fin pase tout peryòd revokasyon an
- Montre prèv asirans SR22 oswa deklarasyon rezidans, si sa aplikab
- Satisfè kondisyon aparèy entèblokaj la, si sa aplikab

Mwen se yon chofè Iowa, yo te pran mwen ak yon OWI nan yon lòt eta. Kisa yo mande m fè?

Iowa mande pou ou satisfè kondisyon eta kote ou te vyole lwa a AK kondisyon Iowa yo. Ou ka revize kondisyon pou retabli lisans ou sou entènèt nan: mymvd.iowadot.gov/Account/Login

Si mwen konplete kou edikasyon pou chofè ki te bwè a nan Iowa, èske mwen bezwen voye anyen pou trete dosye a?

Non. Ajans kote ou te pran kou a responsab pou enfòmasyon Iowa Department of Transportation elektwonikman ke ou fin konplete kou a.

Kilè ak poukisa mwen bezwen ranpli yon Deklarasyon Rezidans (Residency Statement)?

Residency Statement la sèvi pou fè Iowa Department of Transportation konnen ou pa rezidan Iowa ankò. Yon moun ki oblije soumèt asirans SR22 men ki pa rezidan Iowa ka soumèt yon Residency Statement pou anile kondisyon SR22 a.

Mwen fin konplete tretman. Èske mwen toujou bezwen pran kou edikasyon pou chofè ki te bwè a?

Tretman pa toujou gen ladan yon eleman edikasyon. Si tretman ou te genyen an te gen ladan li omwen uit (8) èdtan kou edikasyon pou chofè ki te bwè a, epi si sant tretman an ekri sa klèman nan dokiman konpletman tretman ou, epi si sa apwouve pa Iowa, ou pa bezwen konplete yon lòt kou. Ou dwe pran yon kou pou chofè ki te bwè a si tretman ou pa te enkli yon kou konsa.

Mwen pa kapab peye kou edikasyon pou chofè ki te bwè a oswa evalyasyon twoub itilizasyon sibstans lan.

Tanpri kontakte yon founisè nan zòn ou a pou wè si yo gen yon pwogram rediksyon frè.

Dokiman yo

Ki dokiman Pwogram Edikasyon pou Chofè ki te Bwè nan Iowa Department of Education trete?

Si ou te pran yon kou edikasyon pou chofè ki te bwè, yon evalyasyon twoub itilizasyon sibstans oswa ou te konplete tretman deyò Iowa, Iowa Department of Education ap trete dokiman konpletman ou epi l ap notifiye Iowa Department of Transportation elektwonikman ke ou fin konplete kondisyon yo. Si ou te pran kou edikasyon pou chofè ki te bwè a oswa te fè yon evalyasyon/tretman twoub itilizasyon sibstans nan Iowa, ajans Iowa kote ou te konplete kondisyon ou responsab pou notifiye Iowa Department of Transportation elektwonikman. Yon ajans Iowa ka pa voye enfòmasyon konpletman ou jiskaske ou peye tout frè ou dwe pou sèvis yo te ba ou yo.

Peman/Frè yo

Èske gen yon frè pou voye dokiman yo?

Si ou te konplete kou edikasyon pou chofè ki te bwè a deyò Iowa, gen yon frè pwosesis \$37.50. Sa a se yon frè yon sèl fwa epi ou ka peye li nenpòt ki lè. Gen yon frè konvenyans \$1.00 pou peye sou entènèt. Pa gen frè pou trete dokiman evalyasyon/tretman twoub itilizasyon sibstans.

Kijan mwen ka peye frè pwosesis dokiman \$37.50 la?

Ou ka peye sou entènèt avèk yon kat debi oswa kredi (VISA, MasterCard oswa Discover) nan stateofiowa.seamlessdocs.com/f/owiadmin oswa voye yon chèk kasye oswa yon manda postal ki fèt pou Iowa Department of Education atravè lapòs nan adrès ki anba a. Nou pa aksepte chèk pèsònèl. Tanpri sonje gen yon frè konvenyans \$1.00 si ou peye sou entènèt.

Iowa Department of Education
Pwogram Edikasyon pou Chofè ki te Bwè
400 E 14th St
Des Moines, IA 50319

Mwen dwe yon penalite sivil bay Iowa Department of Transportation (IDOT). Èske mwen ka peye sa sou entènèt?

Tanpri kontakte IDOT pou konnen si ou kalifye pou peye penalite ou sou entènèt nan **800-532-1121** oswa pa imel nan ods@dot.iowa.gov.

Enfòmasyon pou kontakte

Kijan mwen ka kontakte Pwogram Edikasyon pou Chofè ki te Bwè nan Iowa Department of Education?

Ou ka kontakte nou lè ou itilize [OWI/DUI/DWI Assistance form](#) oswa vizite kntn.ly/a4065aa4.
Pa telefòn: 515-281-5251 Pa imel: owiiowa@iowa.gov
Biwo nou ouvè lendi - vandredi, soti 7:30 a.m. rive 4:30 p.m. CST.

Kijan mwen ka kontakte Iowa Department of Transportation?

Pa telefòn: 515-244-8725 Pa imel: ods@dot.iowa.gov.



Department of Education